*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 96 (25825)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 2 июн — хурхæтæны мæйы 2 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КОМИТЕТÆЙ
*Равдыст-форум "Уæрæсе"*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Мини футбол*

**Æдасдзинады мадзæлттæ**

## Уæлдай цæстдард — сывæллæтты фæлладуагъды бынæттæм

**Сывæллæттæ æмæ æнахъомты сæрдыгон фæлладуагъды рæстæджы райдайæны агъоммæ компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы рейдон къордтæ бабæрæг кодтой лагертæ æмæ иннæ ахæм бынæттæ.**



Специалистты цæстдарды сæйрагдæр нысан уыд раиртасын, лагертæ æмæ æндæр ахæм фæлладуадзæн бынæтты электрон прибортæ æмæ хæтæлты æнаипдзинад, адæймаджы æдасдзинады домæнтæ æххæст кæныны фæтк.

Ахæм рейдтæй уæлдай, ацы бонты энергетикон компанийы минæвæрттæ фембæлдтытæ аразынц рæзгæ фæлтæримæ, амонынц ын электрон прибортимæ æдасæй архайыны уагæвæрдтæ. Уыимæ, "Россети Цæгат Кавказ"-ы специалистты ныхасмæ гæсгæ, скъоладзаутимæ ахæм фембæлдтытæ саразсдзысты сæрды мæйты дæргъы дæр.

Æмткæй райсгæйæ, лагертæ æмæ иннæ ахæм бынæттæ сæрдыгон фæлладуагъды кампанимæ сты цæттæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Бæрæгбон**

# Хъæлдзæг æмæ амондджынæй

**Иунæг бæстæ дæр мæгуыр нæ уыдзæн, цалынмæ дзы сабитæ æмæ мадæлтæ уа, уæдмæ. Нæ сабитæ нæ бæстæйы стырдæр хæзна сты, нæ цин æмæ рухс æнкъарæнтæ хæссæг.**



Знон, куыд æппæтт Уæрæсейы, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр сбæрæг кодтой Сывæллæтты бон. Хъуамæ нæ сабитæ рæзой хъæлдзæгæй æмæ амондджынæй. Ууыл архайын хъæуы мах — сæ хистæрты.

Дзæуджыхъæуы кусы реабилитацион центр **"Доброе сердце"**. Фæкæсинаг бинонты сывæллæттæм ам кæсынц æмæ сæ рæвдауынц хи хъæбултау. Дæсны педагогтæ, хъомылгæнджытæ архайынц, цæмæй сидзæр, цардæй æфхæрд сабитæ сæ рæстæг пайдаджынæй æрвитой. Центры бындурыл ма кусы боны хайад дæр горæты сывæллæттæн.

Алы кары чызджытæ æмæ лæппутæ æрвылрайсом уайынц ардæм цингæнгæ. Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бонмæ сæхи рагæй цæттæ кодтой. Хæрзаив фæлыст райдзаст кæрты дидинджытæ, бирæ шартæ, хъуысы хъæлдзæг музыкæ. Сывæллæттæ æнхъæлмæ кæсынц кадджын уазджытæм. Уыдонимæ, нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Алы къорд дæр бацæттæ кодта æмдзæвгætæ, зарджытæ. Уæрæсейы гимны зæлтимæ систой нæ бæстæйы тырыса.



— Арфæ уын кæнын, нæ гыццыл хуртæ, бæрæгбоны фæдыл! Уæ цæргæбонтæ цингæнгæ æрвитут. Махæн нæ зынаргъ хæзна, нæ рæсугъд фидæн стут, æмæ амондимæ байрæзут. Хистæр сывæллæттæ, кæсут гыццылтæм. Сæрды мæйтæ мидбылхудгæйæ æрвитут! — загъта Сергей Меняйло, æмæ сывæллæттæн балæвар кодта пуртитæ, бассейн æмæ адджын лæвæрттæ.

Республикæйы Сæргълæууæг æхсызгонæй райста сабиты къухтæй конд ныв æмæ зæрдылдарæн майдан.

Реабилитацион центры хъомылгæнинæгтæ сæ арæхстдзинад равдыстой кафынæй, зарынæй, æмдзæвгæтæ дзурынæй.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,
къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Уавæр**

## Дон фæндаг хæры

**Терк тынг кæй раивылди, уый аххосæй ранæй-рæтты хъыгдард баййæфтой Дайраны комыл фæндаг æмæ электрон тыхы телты æртæ цæджындзы. Уый фæдыл уыдис йæ балц сагъæссаг уавæры бынатмæ нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН.**

Уым саræзта æмбырд æнæнхъæлæджы цауты къамисы уæнгтимæ, профилон ведомствæты разамонджытимæ æркаст, тæссаг уавæр кæм сæвзæрд, уыцы бынæттæм.

— Фыццаг хатт не 'рцыди ахæм хабар, — загъта Сергей Меняйло. Афтæ вæййы, хæхты миттæ тæвд рæстæджы тагъддæр тайын куы райдайынц, стæй тæрккъæвдатæ куы сарæх вæййынц, уæд. Уæхæдæг æй уынут, Терчы цас дон гуылф кæны, уый. Бæгуыдæр, уавæр хуымæтæг нæу, фæлæ ахадгæ мадзæлттæ



аразæм "Росавтодоримæ" иумæ — уый дары иудадзыг йæ цæст Дайраны комы фæндагмæ. Ныртæккæ уал фидар кæнæм цæугæдоны былгæрæттæ бетоны къæйтæй, ивылд дон здахæм иуварсæрдæм. Кусынц æппæт аварион службæтæ дæр. Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй фæндагмæ хæстæг цæрæн бынæттæн ныртæккæ тæссаг ницæмæй у.

**Пресс-конференци**

# Нæ культурон бынтæ бахъахъхъæнæм

**РЦИ-Аланийы Культурон бынты хъахъхъæныны æмæ объекттæй пайда кæныны комитеты сæрдар ГÆЛУАТЫ Ацæмæз фембæлд дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ. Дзуаппытæ радта журналистты фарстытæн.**

Комитеты сæрдар цы нымæцтæ æрхаста, уыдон дзурæг сты сæ архайды вазыгджындзинадыл. Нырыдæгæн Ирыстоны алыхуызон æмвæзады ис, культурон бынтæ хъахъхъæд кæм цæуынц, ахæм дыууæ мин объектмæ 'ввахс. Уыдонæй, 411 сты федералон, 259 — регионалон, 1308 — Уæрæсейы Культурæйы министрады сæ статус сбæлвырд кæныны фарстамæ каст кæмæ цæуы, ахæм объекттæ. Цымыти у, Ирыстоны æмбал кæмæн нæй, ахæм хъахъхъæнинаг бынат. Æртæ азы размæ йын арæзт æрцыд проект, ацы азы райдайæн Федералон æмвæзадыл фидаргонд æрцыд, Цымытийы культурон бынтæ хъахъхъæд хъуамæ кæм цæуой, ахæм бынаты статус. Комитеты сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй йæ алфамбылай 500 метрæй хæстæгдæр нæй бар хæдзæрттæ, æндæр объекттæ аразынæн. Хъуыддагмæ цæст дардзысты бынæттон администрациимæ иумæйагæй.

Аланийыл саргъуыды 1100 азы бонмæ хъахъхъæд æрцыд 14 объекты, сæ иутæ рацарæзтой. Куыстытæ цыдысты зын уавæрты, нæ дзы уыд электрон рухс æмæ дон, фæлæ уымæй сæ архайд нæ фæкъуылымпы. Хъыгагæн, Лисри æмæ Калачы аргъуанты бæстыхæйтты рацарæзтæн тынг бирæ æхца хъæуы, республикæйы разамынд агуры фæрæзтæ се сног кæнынæн.

М а м ы с о н г о м ы рацаразыны объекттæ сты æртæ. Бузныджы ныхæсты аккаг сты, комы рæзты программæ сæххæст кæныныл чи архайды, уыцы кусджытæ. Культурон объекттæм æнæрхъуыдыйæ цæмæй ма фæныхилой, уый тыххæй æрбадзурынц комитетмæ, куыд бакæнæм, зæгъгæ.

Иннæ фарст баст уыд мыггаджы мæсгуытæм базилыны фарстимæ. Нырыдæгæн уал комитет се сног кæнынæн бар радта дыууæ мыггагæн — Цыдатæ æмæ Кодзыртæн. Афæдзы размæ йæ тыхы бацыд республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** бардзырд, æнæхицау культурон объектты картæ саразыны уынаффæ. Лæвæрд цæудзысты муниципалон исбонадмæ, сæвæрдзысты сæ кадастрон хыгъды, скæндзысты техникон пълан æмæ сæ сæвæрдзысты хыгъды. Афæдзы æмгъуыдмæ сын хицау куы нæ разына, уæд сæ ратдзысты муниципалон исбонадмæ, фидæны сæ æхсæнадон организацитæн лæвар радтыны баримæ.

Ныхас цыд, Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспект æмæ Кировы уынджы тигъы бæстыхайы сæрыл ног уæладзыджы арæзтады фæдыл дæр. Гæлуайы-фырт журналисттæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй грандотелы уæлæмхасæн уæладзыджы арæзтад цæуы æнæ закъон хæлдæй.

Иннæ бæстыхай — Некрасов æмæ Миллеры тигъыл хæдзар. Йæ ног хицау кусы бæстыхай сног кæныныл, ссыгъдæг уал кодта йæ алфамбылай, ныр арæзт цæуы рацарæзты проект. Сфидар æй кæныны фæстæ бавналдзысты рацарæзты куыстытæм.

Дзæуджыхъæуы фидары къултæй ма баззад æртæ, сæ иу Яшины уынджы. Цалцæггæнæн куыстытæ нысангонд уыдысты фидæн азмæ, фæлæ историонкультурон объекты уавæр хъысмæты уавæр дæр. Кинотеатры сфидар кодтой бæстыхайы бындур æмæ раивтой цар, Афицерты хæдзар баззад республикæйы бæрны, фæлæ йæ хъæуудзæн балхæнын. Йæ аргъ цас у, уый куы сбæрæг уа, уæд.



Ахсджиаг у комитеты куысты студентты архайд, практикон зонындзинæдтæ райсынæн дзы ис фадат. Республикæйы Сæргълæууæг историон факультеты студенттимæ фембæлды рæстæг профилон комитеттæн бабар кодта, уыцы хъуыддагмæ се 'ргом аздахын. Акодтой сæ Къора-Урсдоны зæппæдзтæм, уый æрыгон историкты зæрдæхынцгæйæ, Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** Финансты министрадæн бахæс кодта йæ цалцæгæн æртæ милуан сомы радих кæнын æмæ, рæхджы бавналдзысты сæ æххæст кæнынмæ.



Журналисттæ æнæ бафиппайгæ нæ фесты Дзæуджыхъæуы раздæры кинотеатр "Фæскомцæдисон" æмæ "Афицерты хæдзар"-ы мæ тынг фæцыд, æмæ ракуырдтой, цæмæй комитет фидæны дæр араза ахæм практикон ахуыртæ. Зæрдæ сын бавæрдтой, ног ахуыры аз сæ кæй сног кæндзысты, уымæй. Сентябры мæй студенттæн сæ бæллиц сæххæст кæнынæн уыдзæн фадат.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Æхсæнад**

## Хи хæдзар — Радихан Азизовæн

**Радихан Азизовы республикæйы зонынц куыд бархион æххуысгæнæджы. Йæ хъысмæт уæззау разынд, тæссаг низы тыххæй йын йæ къæхтæ алыг кодтой. Уæд ын фатер радтой æртыккаг уæладзыджы , фæлæ дзы лифт нæ разынд. Кæд æмæ протестæй пайда кæны, уæддæр нæлгоймаг стыр зындзинæдтæ æвзæрста.**

Ирыстоны æхсæнад сæ хъуыдытæ æргомæй загътой. Видеосидт скодта зындгонд хирург **Кудзаты Хъазыбег**, блогер **Идæ Галич** та йæ кинонывæн систа сюжет. Алчидæр сæ Радихан Азизовæн домдта æххуыс. Адæмы домæнтæ фæхæццæ сты Хицауадмæ. Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæхимæ райста фарста алыг кæнын.

Радихан Азизовæн горæты хи хæдзар балхæндзысты. "Мæ бæллиц уыд фыццаг уæладзыгмæ раивын, ныр куыд рауад, уый мæ уырнгæ дæр нæ кæны... Горæты чысыл хæдзар. Мæ фатер ратдзынæн, нæ мæ хъæуы. Стыр бузныг уæ алкæмæн дæр. Нæма мæ уырны, раст цыма фыны дæн, уыйау", — афтæ æмбарын кæны йæ раст равг Радихан Азизов.

Фыццагдæр уый арфæ кæны республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн, уый 'руаджы йæ цæрæнбынаты зын уавæр ныуылгонд æрцæудзæн. Радихан Азизов бирæсывæллонджын, æвæрæз бинонты цур балæууы, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм дæр хæццæ кæны йе 'ххуыс. Йæ уды хъарм не 'вгъау кæны...

**Нæ уацхæссæг**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

# Мæздæджы район: йæ абон, йæ фидæн

**Республикæйы размæцыд, йе 'нтыстытæ аразгæ сты, йæ районты цы уавæр ис, цавæр ивддзинæдтæ дзы цæуы, бынæттон цæрджытæн сæ уавæртæ куыд ивынц, уымæй. Уымæ гæсгæ сын сæ социалон-экономикон рæзтмæ республикæйы разамынды 'рдыгæй здæхт цæуы стыр æргом. Уæлдай стырдæр æргом та здæхт цæуы республикæйы сæйраг горæтæй дæрддзæфдæр — Мæздæджы районмæ.**

Мæздæджы район фараст паддзахадон программætæм хаст кæй æрцыд, уый фæрцы ивгъуыд азы дæргъы æххæст кодта æхсæз национ проекты. Уыдонта, куыд зонæм, афтæмæй сты царды алы къабæзты ахсджиагдæр рахæцæнтæ æмæ рæзты гæнæнтæ.

Национ проект **"Ахуырад"** баиу кодта районы ахуыргæнæндæттæн сæ 86 проценты. 21 скъолайы æнтыстджынæй кусынц "Рæзты тæлмытæ", сæ фæрцы скъоладзаутæн ис ахуырады ног гæнæнтæй пайда кæныны фадат, стæй, канд уроктыты нæ, фæлæ фæсурокты рæстæг дæр.

Районы 13 скъолайы, Сывæллæтты сфæлдыстадон центр, уыимæ, "Кванториум" дæр, архайынц "Алы сывæллон дæр — æнтыстджын", зæгъгæ, ахæм проекты. Скъолаты цы шахматон уазæгуæттæ ис, уыдоны, стæй робототехникæйы кабинетты дæр æвæрд æрцыд ног ифтонггæрзтæ. Сывæллæтты сфæлдыстадон центры фæзынд кабинет "Инженерное мышление для детей младше 7 лет". Нырыккон ифтонггæрзты фæрцы 15 скъолайы æххæстгонд цæуынц "Нымæцон ахуырадон фæзуат"-ы федералон проекты мадзæлттæ, дæс скъолайы ис Интернет.

Черноярскы станицæйы арæзт æрцыд, ахуырдзауты 200 бынаты кæм ис, ахæм ног скъола, 500 бынаты кæм уыдзæн, ахæм скъола та фæзындзæн Хъызлары. Ивгъуыд азы районы цыппар скъолайы цыдысты цалцæггæнæн куыстытæ.

Национ проект **"Демографи"-йы** фæлгæты Хъызлары арæзт æрцыд, сывæллæттæн 120 бынаты кæм ис, ахæм рæвдауæндон. Афтæмæй, сывæллон рæвдауæндонмæ радтыны тыххæй рады лæууын æмæ æнхъæлмæ кæсыны фарста лыггонд æрцыд.

**"Социалон разæнгарддзинад",** зæгъгæ, ацы федералон проекты нысан у æрыгæтты æргом æхсæнадон змæлдмæ аздахын. Проекты фæлгæты районы сæ куыст кæнынц: бархионты 38 къорды, фондз кадетон къласы, Скъоладзауты уæрæсейаг змæлды 53 къорды, фæндæгтыл цæуыны æрыгон инспекторты 34 къорды æмæ Æрыгон зынгхуыссынгæнджыты 30 къорды, стæй ма, экологон къордтæ кæмæн ис, иумæйагахуырады æмæ скъолайы агъоммæйы ахуырады 59 ахæм организацийы.

Паддзахадон программæ **"Хъæуккаг ахуыргæнæджы"** фæрцы ивгъуыд аз районы æртæ скъолайы лыггонд æрцыд, ахуыргæнджытæ кæй нæ фаг кæны, уыцы фарста. Ацы аз куыд пълан кæнынц, афтæмæй аст скъолайы хъуамæ фæзына "Рæзты тæлмытæ", цыппар скъолайы æрцæуой бындурон цалцæг, Хъызлары дарддæр цæудзысты ног скъола аразыны куыстытæ. Ныртæккæ цæттæ сты районы цыппар рæвдауæндоны цалцæггæнæн куыстыты хæрдзты нымайæн проектон гæххæттытæ.

Национ проект **"Культурæ"**-йы фæлгæты кæронмæ ахæццæ сты Терскы станицæйы Культурæйы хæдзары цалцæггæнæн куыстытæ. Кæронмæ фæхæццæ кæнынц Киевскы хъæуы Культурæйы хæдзары цалцæггæнæн куыстытæ дæр. Мæлгъæвæджы хъæуы та дарддæр арæзт цæуы Культурæйы хæдзар. Ацы аз фæнд кæнынц Культурæйы хæдзар саразын Комаровойы хъæуы дæр, бындуронæй сцалцæг кæнын Притеречныйы поселочы æмæ Виноградныйы хъæуы культурæйы хæдзæрттæ, стæй Мæздæджы Сывæллæтты музыкалон скъола.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Дзырды фарн**

*Ыстыр хъуыддаджы мидæг зонд хъæуы, уынаффæ.*

*ГÆДИАТЫ Цомахъ*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **2 июны,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **22-27 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **22-24 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,10

**Хурыскаст** — 04,22
**Хурныгуылд** — 19,32

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 80,19 ↑
**Евро** — 86,46 ↓

12+

РÆСТДЗИНАД № 96 (25825) 2023 АЗЫ ХУРХÆТÆНЫ МÆЙЫ 2 БОН

Хатдзæгтæ

# Фæстаг бынаты

**Уæрæсейы Амалхъомты Æххæстбарджын Борис ТИТОВЫ хатдзæгтæм гæсгæ, Цæгат Ирыстоны амалхъомты административон æгъдауæй куыд æлхъивынц, уымæй республикæ рацыд фæстаг, 85-æм бынатмæ.**

Республикæйы амалхъомты нымæц фæкъаддæр, сæ лæггæдтæ æмæ товартæ æвзæр агуырд кæй цæуынц, сæ архайд сын оперативон-агурæн мадзæлттæ кæй уромынц, сæ гæххæттытæ æмæ сын сæ оргтехникæ кæй райсынц, товартыл сæ маркæтæ æвæрын кæй домынц, уыдæтты тыххæй.

Æнтыстытæм ахæсгæ сты, хъалонæвæрынады хызы бæрц кæй фæныллæгдæр, райдайгæ амалхъомтæ хъалонтæй уæгъдгонд кæй сты, рæстæгмæ æфтиæгтыл иугонд хъалоны бæрц кæй æвæрынц, республикæйы разамонæджы цур Амалхъомты советы сарæзт. Зæгъæм, 2020 азы кæрон Цæгат Ирыстон уыд рейтинджы 12-æм бынаты.

Цæгат Кавказы федералон зылды 2022 азы хатдзæгтæм гæсгæ, раззагдæрты 'хсæн ис Дагестан, схызт уайтагъд 52 къæпхæны сæрты æмæ бæстæйы бацахста 8-æм бынат. Мæхъæл сты 18-æм бынаты, 2022 азимæ абаргæйæ, 64 къæпхæны сæрты схызт. Ахæм у Хъæрæсе-Черкесты Республикæйы уавæр дæр, Уый ис 19-æм бынаты, 2022 азимæ абаргæйæ, рейтинджы схызт 45 къæпхæны сæрты.

Цæцæн азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, иу бынат дæлдæр æрхызт, ис 25-æм бынаты. Стъараполы край схызт 17 къæпхæны уæлдæр æмæ бацахста 64-æм бынат. Кæсæг-Балхъар ис 83-æм бынаты. Индекс нымад æрцыд Уæрæсейы 85-æм регионæн. Йæ бындуры сты Амалхъомты Æххæстбарджыны, фæзуатон хицауадон оргæнты, Уæрæсейы Экономикон рæзты æмæ Фæллойы министрадты, бæстæйы статистикæйы, Тæрхонадон статистикæйы, Бæрæггæнæнты иугонд хыгъды хатдзæгтæ.

*"Абон"*

Инвестицитæ

# Олимпиаг парчы — фæлгæсæн цалх

**Дзæуджыхъæуы, Олимпиаг парчы фæлгæсæн цалх фидар кæныны куыстытæ кæронмæ æрхæццæ сты. Арæзтады инвестор ГАГЛОЙТЫ Алан куыд бацамыдта, афтæмæй фыццаг уазджытыл парк сæмбæлдзæн июлы.**



Республикæйы разамонæг **Сергей Меняйло** йæхæдæг бабæрæг кодта парк, федта куыстыты уавæр, уым ын аттракцион бафæлварыны бар радтой. "Сразы дæн, дзырдæй, 16-æм уæладзыджы æмвæзадæй афæлгæсыдтæн горæтыл æмæ хæхтыл, диссаг у сæ уынд", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Куыд зонут, афтæмæй йæ фæзуат 2,3 гектары кæмæн уыдзæн, уыцы парчы фæзындзæн тезгъогæнæн, рæзгæ фæлтæртæн, мадæлтæ æмæ сывæллæттæн бынæттæ. Фонтан ныууадздзысты, фæлæ йæ фæхайджын кæндзысты зарыны æууæлæй, хихджын бæлæстæ дзы ныссадздзысты. Уыдæттæй парк тынг сфидаудзæн. Уыцы-иу рæстæг дзы бынат ис 500 адæймагæн.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, проект у егъау, инвестициты бæрц рауайдзæн 200 милуан сомы.

**Нæ уацхæссæг**

Фембæлд

# Стыр бæрндзинад — арæзтады

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд скъолаты бындурон цалцæг скæныны бадзырдтæ бафыссæг арæзтадон куыстуæтты разамонджытимæ. Ныхас рауад арæзтадон фæзты нырыккон уавæрыл.**



Абоны онг куыстытæ цæуынц цалдæр скъолайы, 32-йы цалцæг кæронмæ æрхæццæ ис. Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд радзырдта, афтæмæй нысантæ æххæстгонд цæуынц графикмæ гæсгæ, ног ахуыры азмæ срæвдз уыдзысты ахуыргæнæндæттæ.

Республикæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, куыстытæ хъуамæ фæуой нысангонд æмгъуыдтæм, кæм ис гæнæн, уым та — ноджы раздæр. "Ныр цалдæр хатты фембæлдыстæм, ныхас кодтам. Кæд æмæ уæхимæ хæстæ райстат, уæд сæ хъуамæ æххæст кæнат. О, сымахæн уый амалхъомад у, фæлæ скъолатæ кæй цалцæг кæнут, уый уæ рох ма уæд. Уым нæ сывæллæттæ, уæ цот дæр ахуыр кæнынц. Фарстамæ стыр бæрндзинадимæ акæсут, æрмæст цалцæгыл нæ цæуы ныхас, алцыдæр ма хæрзхъæдæй саразут", — фæсидт республикæйы Сæргълæууæг араздзжытæм.

Цæгат Ирыстоны 2022-2023 азты сног кæндзысты 66 скъолайы, федералон бюджет уыцы нысантæн радих кодта 3,5 миллиард сомы. Куыстытæ цæуынц паддзахадон программæ "Ахуырады рæзт"-мæ гæсгæ. Программæ йæхи куы равдиса, уæд скъолатæм æнхъæлмæ кæсынц бындурон цалцæг, ног ифтонггæрзтæ, ахуыргæнæн чингуытæ. Хæрæндæттæ дæр хъуамæ сног кæной, уæлдай æргом здæхт цæудзæн сывæллæтты æдасдзинадмæ.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй 2024-2025 азтæм Цæгат Ирыстон балæвæрдта куырдиæттæ, архайдзæн программæйы. Хъуамæ бындуронæй сцалцæг кæной 70 скъолайы, бæхъæуддзæн сын 4,4 миллиард сомы. Нырмæ уал 20 скъолаимæ бафыстой разыйы гæххæттытæ.

"Иугонд Уæрæсе"-йы съезды, 2021 азы, июны, Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** бафæдзæхста скъолаты бындурон цалцæджы программæ сарæзын. Конд æрцыд фондз азмæ. Партийы Адæмон программæйы сфидар кодтой ахуыргæнæндæтты, рæвдауæндæтты арæзтад æмæ бындурон цалцæг. "Иугонд Уæрæсе"-йы хъæппæрисæй программæмæ арæзтадон æмæ бындурон цалцæджы фарстатæй уæлдай бахастой скъолаты ифтонгад дæр.

Цæгат Ирыстоны ма рæвдауæндæтты бындурон цалцæгмæ дæр бавнæлдтой. Хъуамæ 60 рæвдауæндонмæ базилой, 33-йæн уал сæ проектон-хæрдзты гæххæттытæ срæвдз сты.

**Нæ уацхæссæг**

Бæрæгбон

# Дунеон конкурс-æркаст "Базыртæ"

**Республикæ Цæгат-Ирыстон Аланийы Национ наукон чиныгдоны æрæджы кадджын уавæры ацыд диссаджы хорз мадзал. РЦИ-Аланийы литературон журнал "Мах дуг"-ы дунеон конкурс-æркаст "Базыртæ"-йы уæлахиздзауты схорзæхджын кодтой Кады гæххæттытæй æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Журнал "Мах дуг" ацы конкурс расидт фыццаг хатт æмæ амæй фæстæмæ уыдзæн æрвылазон.**

Бæрæгбон байгом кодта РЦИ-Аланийы сгуыхт артисткæ **Зæнджиаты Ритæ**, йæ фæндырдзагъдæй адæмы зæрдæтæ бахъæлдзæг кодта. Æмдзæвгæ аив бакæсын æмæ йæ видеойы хуызы редакцимæ æрбарвитын, афтæ æвзæрстой уæлахиздзауты.

— Конкурс-æркаст уыд канд республикæйы нæ, фæлæ ма куыстам Ирон диаспорæтимæ, Хуссар Ирыстонимæ. Райстам 70-ай куысты, нæ къамисы уæнгтæ сын тынг стыр аргъ скодтой æмæ абон уæлахиздзаутæ систы 29. Æрмæст фæсивæды нæ, фæлæ ма сын сæ ахуыргæнджыты дæр схорзæхджын кодтам. Тынг æхсызгон мын уыд абон, байхъусын конкурсы архайджытæм, мæ миддуне байдзаг рухс æнкъарæнтæй, нæ рæсугъд фæсивæд æй куыд уарзынц сæ мадæлон æвзаг æмæ куыд æнкъарынц, автор цы зæгъинаг вæййы йе 'мдзæвгæйæ, уый. Фæлтæрты 'хсæн бастдзинæдтæ фидардæргæнгæйæ, дарддæр дæр араздзыстæм нæ куыст, — загъта РЦИ-Аланийы литературон журнал "Мах дуг"-ы сæйраг редактор **Хетæгкаты Оксанæ.**



Уазджытæ уыдысты РЦИ-Аланийы Парламенты депутат **Уататы Зелим**, Мыхуыры фæрæзты æмæ дзыллон хабархæссæг коммуникациты комитеты сæрдар **Фидараты Юри**, газет "Рæстдзинад"-йы сæйраг редактор **Хозиты Барис**, газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор **Битарты Маринæ** æмæ иннæтæ.

Ацы конкурс-æркасты нысан у, ирон литературæ, ирон поэзимæ фæсивæды разæнгард кæнын, дæнцæгтæ та ма сын хитстæртæ куыд уой, уымæн, æмæ дзы архайдтой дыууæ фæлтæры хистæртæ æмæ фæсивæд.

Конкурсы архайдтой æрмæст нæ республикæйы æмæ Хуссар Ирыстоны цæрджытæ нæ, фæлæ ма фæсарæнты, Мæскуы æмæ иннæ горæтты цы ирæттæ цæры, уыдон дæр.

Ирон æвзагыл æдæрсгæйæ чи дзуры, ирон æвзаг йæ дарддæры фæлтæртæн чи амоны, уыцы ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ иууылдæр сты конкурсы уæлахиздзаутæ. Ацы конкурсы чи архайдта, уыдон царды кæдфæнды дæр уыдзысты уæлахиздзаутæ, уымæн æмæ иронау дзурын, ирон фарн æмæ ирон æгъдау хæссæг кæдфæндыдæр у уæлахиздзау.

— Хорз хъуыддаг у, ахæм конкурс та арæхдæр кæнын хъæуы. Мæнмæ гæсгæ, æвзаг у зондахаст æмæ иронау куы дзурæм, уæд нæ зондахаст дæр нæхи уыдзæн, куы нæ уал дзурæм, уæд ирæттæ нал уыдзыстæм. Æмæ уын арфæ кæнын чидæриддæр бацархайдта, сывæллонæй, хистæрæй уе 'ппæт цæрæнбон дæр бирæ уæд. Уæлдай бузныг та мæ зæгъын фæнды конкурсы саразджытæн, — загъта Мыхуыры фæрæзты æмæ дзыллон хабархæссæг коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юри.

Конкурс ацыд дыууæ хайæ, фыццаджы уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцыдысты, дыккаджы та рахызтысты литературон хаймæ æмæ байхъуыстой уæлахиздзаутæ æмдзæвгæтæ куыд кæсынц, уымæ.

Уыдысты дзы "Мах дуг"-ы ног автортæ дæр, уыдонæй бирæты æмдзæвгæтæ кастысты конкурсы архайджытæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

Комитетæй

# Равдыст-форум "Уæрæсе"

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта, Дунеон равдыст-форум "Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстон куыд архайдзæн, уыимæ баст æмбырд. Комитеты æмбырды куыд райхъуыст, афтæмæй форум уыдзæн 2023 азы ноябрæй 2025 азы 12 апрелмæ, Мæскуыйы, Адæмон Хæдзарады Æнтыстдзинæдты Равдыстыты фæзы.**

Комитет фæзынд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** уынаффæйæ. Хъуамæ республикæ форуммæ экономикæйы алы къабæзты æнтыстытæ рахæсса. Стенды бынат цы хабæрттæ ссардзысты, уый тыххæй рагацау хъæуы ахъуыды кæнын.

Экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыры** ныхасмæ гæсгæ, уыцы куыстмæ бавнæлдтой, стенд равдисдзæн, республикæ инвестицион проектты фæрцы размæ куыд цæуы, уый. Цæгат Ирыстоны инвестицион бакаст у дзæбæх, экономикæйы, культурæйы, туризмы нысантæ къухы хорз æфтынц.

Дзанайты Барис куыд бафæдзæхста, афтæмæй хъуамæ равдысты концепцийыл арф ахъуыды кæной. "Цæгат Ирыстоны фæстаг азты цы æнтыстытæ æрцыд, уыдоны тыххæй æппæт хабæрттæ æрæмбырд кæнут, уыдон сты адæмы размæ рахæссыны аккаг. Цы равдисæм, уый нæм ис, нæ экономикон, туристон, культурон хъомыс егъау у. Регион бирæнацион кæй у, уый хъуамæ æмбæрстгонд уа.





Программæйыл бакусут, Цæгат Ирыстоны фæзмæ хъуамæ уазджытæ цæуой цымыдисæй", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый ма республикæйы Физкультурæ æмæ спорты ведомствæйæн бабар кодта, номдзыд спортсментæ форумы куыд хъуамæ бацархайой, уый сбæлвырд кæнын, мастер-къластæ саразын. Промышленносты министрад та адæмон сфæлдыстады дæсныты аивадон промыслæты равдыст хъуамæ бацæттæ кæной.

Дунеон равдыст-форум "Уæрæсе" конд æрцæуудзæн Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** уынаффæйæ. Архайдзысты дзы бæстæйы 89 субъекты, федералон разамынд, æхсæнадон организацитæ, фæсарæйнаг бæстæты минæвæрттæ. Программæ у парахат, культурон æмæ хъуыддаджы нысантæй æххæст. Архайджытæ цæттæ кæнынц сæ фæндæттæ, бынæттон экономикон æмæ историон-культурон хицæндзинæдтæ нымайгæйæ. Æмхуызонæй сæ бынат ссардзысты равдысты иумæйаг концепцийы.

**Нæ уацхæссæг**

# Мæздæджы район: йæ абон, йæ фидæн

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Национ проект **"Æнæниздзинад хъахъхъæнынад"** æххæст кæнгæйæ, районы уæлдай стырдæр æргом аздахын хъæуы медицинон æххуысы фыццаградон къæпхæнмæ. Ивгъуыд аз бындурон цалцæггонд æрцыд Луковскы станицæйы амбулатори. Ацы азмæ та пълан кæнынц ахæм куыстытæ Винограднæйы хъæуы амбулаторийы сæххæст кæнын, Л. Кондратенкойы поселочы, Веселæйы хъæуы æмæ Павлодольскы станицæйы та саразын фельсырон-акушерон пункттæ.

**"Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад æмæ хи амалхъомадон хъæппæрисæн æххуыс"-ы** национ проекты фæлгæты районы æхсæз амалхъом адæймагæн сæ бизнес рапарахат кæнынæн ивгъуыд аз лæвæрд æрцыд 4,8 милуан сомы æфстау æхцатæ.

Национ проект **"Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг фæзуат"-ы фæлгæты "Æнцонфадатджын горæтаг фæзуат аразыны"** программæмæ гæсгæ районы базылдысты фондз æхсæнадон бынатмæ — Хъызлары, Винограднæйы æмæ Веселæйы хъæуты, дыууæ æхсæнадон бынаты та — Мæздæджы. Ацы куыстытæ сæххæст кæнынæн бахъуыд 12,8 милуан сомы. Æхца кæй не сфаг, уымæ гæсгæ куыстытæ адарддæр кæндзысты ацы аз.

Национ проект **"Æрыгон бинонтæн цæрæнуæттæ дæттын"-ы** фæлгæты 19 æрыгон бинонтæн лæвæрд æрцыд сертификаттæ.

Национ проект **"Экологи"-йы** фæлгæты райдыдтой Мæздæджы цад сыгъдæггæнæн куыстытæ æмæ ацы аз кæронмæ ахæццæ уыдзысты.

Ранымад æппæт национ проекттæ æххæстгонд уæд уыдзысты, æмæ бынаты куыст нывыл арæзт куы уа.

"Уæрæсейы Федерацийы райрæзты ахсджиаг хæстæ æмæ нысанты тыххæй" Уæрæсейы Президенты Указмæ гæсгæ 2018 азы Мæздæджы районы арæзт æрцыд Проектон офис. Абоны бонмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ разæнгардæй



архайынц национ хæстæ æххæст кæнынил, уый тыххæй сарæзтой муниципалон программæтæ, мадзæлтты пълантæ æмæ æмархайд кæнынц республикæйы хицауады оргæнтимæ.

Республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæмæ гæсгæ, ахуырады къабазы **"Бинонтæ æмæ сывæллæтты бахъахъхъæныны"** паддзахадон политикæйы фæлгæты скъолаты арæзт æрцыд 28 спортивон клубы, стæй 15 театры.

**"Сывæллонджын бинонтæн æххуыс"-ы** федералон проекты фæлгæты арæзт цæуы психолого-педагогон, методикон æмæ консультативон æххуыс, 18 азы онг сывæллæттæ кæмæн ис, ахæм бинонтæн, 113 бинонтæн æмæ 427 ныййарæгæн та арæзт æрцыд консультацитæ.

Ивгъуыд аз Мæздæджы æххæстгонд цыдысты, нæ республикæйы Хицауад кæй сфидар кодта, 2020-2022 азты районы социалон-экономикон рæзты уыцы мадзæлттæ. Ивгъуыд аз аразын цы объекттæ райдыдтой æмæ сæ арæзтад ацы азмæ кæмæн рахызт, уыдон нымайгæйæ, æппæт мадзæлттæн сæ нымæц рауад 29, сæ хæрдзтæ та — 1,3 миллиард сомы.

Районы цæрджыты æргом æнæниз цардыуагмæ æмæ физкультурæмæ раздахыны нысанимæ Мæздæджы микрорайонтæй иуы арæзт æрцыд нырыккон спортивон фæз федералон проекты фæлгæты "Я выбираю спорт". Физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс ацы аз фæзындзæн Хъызлары дæр.

РЦИ-Аланийы паддзахадон программæ **"Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт"-ы** фæлгæты **"Хæрзвадат хъæууон фæзуæтты"** дæлпрограммæйы фæрцы ахæм хæрзвадат уавæртæ арæзт æрцыд Троицкы хъæуы фæлладуадзæн бынаты. Куыстытыл хардзгонд æрцыд 2,6 милуан сомы.

**"Уæрæсейы донхорыггæнæн комплексы райрæзт"-ы** программæйы район ивгъуыд аз кæй архайдта, уый фæрцы рацарæзтой донхорыггæнæн зæххы хæйттæ 860 гектары фæзуатыл. Цæттæгонд цæуынц 1 515 гектарыл донхорыггæнæн системæ саразыны проекттæ.

Иннæ программæтæм гæсгæ 2022 азы кæронмæ ахæццæ сты Павлодольскы станицæйы æмæ Притеречныйы поселочы сыгъдæггæнæн системæтæ; районы дыууæ хъæуы цæуынц донуадзан хæтæлты системæ рацаразыны куыстытæ; саив кодтой Уæлахизы парк Мæздæджы.

**"Бирæфатерджын хæдзæртты бындурон цалцæджы"** программæмæ гæсгæ ивгъуыд аз цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты аст бирæфатерон хæдзары: æхсæз — Мæздæджы æмæ фæйнæ иуы — Притеречныйы æмæ Садовыйы поселочы.

**"Кæлæддзаг хæдзæрттæй адæмы ног цæрæн бынæттæм раивын"-ы** программæмæ гæсгæ ног цæрæнуæттæ Мæздæджы лæвæрд æрцыд 63 адæймагæн. Уæгъд цы кæлæддзаг хæдзæрттæ æрцыд, уыдонæн сæ иумæйаг фæзуат у 1,2 мин квадратон метры.

Æппæт ранымад программæтæн æмæ сæ æххæст кæныны мадзæлттæн сæ нысан у иунæг — районы цæрджыты уавæртæ хуыздæр кæнын. Æмæ уыцы нысанæн дарддæр дæр æнтыстджынæй кусын — ууыл у йæ сагъæс æмæ йе 'рвылбоны архайд бынæттон хицауадæн.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Барад

## Æфсæддон æгъдауæн халæн нæй

**Æфсæддон службæйæ хи чи тылиф кæны, Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон тæрхондон ахæм æфсæддон службæгæнджытæн адæмы раз тæрхон кæны.**

Æрсидты рæстæг службæ кæнынмæ чи не 'рбацыд, æрæджы горæты гарнизоны æфсæддон тæрхондон контрактмæ гæсгæ ахæм æфсæддон службæгæнæг Зæгъойыфыртæн рахаста 5,5 азы дæргъы иумæйаг фæткы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

"Æфсæддон тæрхондон куыд сбæлвырд кодта, афтæмæй, контрактмæ гæсгæ æфсæддон службæ чи кæны, фарон 22 ноябры æрсидты рæстæг уыцы Зæгъойы-фырт æнæ ахсджиаг æфсонæй æфсæддон хаймæ не 'рбацыд æмæ йæ рæстæг йæхи фæндонмæ гæсгæ æрвыста. Æфсæддон æгъдау æмæ барадон фæтк Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты цæмæй æрфидар уой, уый тыххæй Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон тæрхондон службæгæнджытыл арæзт уголовон хъуыддæгтæ æвзары æфсæддон службæгæнджыты цур", — фыст ис тæрхондоны пресс-службæйы хъусынгæнинаджы.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Мæ фембæлдтытæ Биларимæ

Иу рæстæджы мæм телефонæй æрбадзырдтой

— Дæ бон хорз, æз Билар дæн.

Фæцудыдтон — кæм Билар, кæм æз! Дзуры мын:

— Цеденбал мын балæвар кодта телефон алы зынаргъ дуртæй æмæ згъæртæй аивгонд. Сабитæй йæ кæцыдæр тæрхæгæй раппæрста, асаст, æркæс-ма йæм.

— Билар Емазаевич, æз ювелир куы нæ дæн, æз скульптурæйæ архайын.

— Æз нывгæнджыты се 'ппæты дæр зонын, æмæ дзы дæуæй тынгдæр никæуыл мæ зæрдæ дарын, æркæс-ма ацы саст телефонмæ.

— Рарвит-ма йæ уæдæ.

Мæ бон цас уыд, цас арæхстæн, уыйас бацархайдтон. Куы срæвдз, уæд æм бадзырдтон, конд у, кæдæм дын æй бахæссон, зæгъгæ...

— Такси дæм фервитын, — загъта Билар.

Дыккаг бон мæм æрбадзырдта: агуырдтон саст кæуылты уыд, уый. Нæ йæ ссардтон. Стыр бузныг, цы дын æнхъæл уыдтæн, уымæй лæгдæр разындтæ!

Иуахæмы Дзæуджыхъæуы Куйбышевы уынгты мæ хæдтулгæйы ссæуын, Ватутины уынджы уæлæмæ фæзылдтæн. Уæртæ дын почтæйы раз Билар лæууы. Чысыл уæлдæр баурæдтон, бацыдтæн æм. "Билар, кæд Озрекмæ цæуыс, уæддæр дæ аласдзынæн, мæ машинæ артагæй дзаг у.

— Нæ, никуыдæм цæуын, мæнæ почтæ байгом уа, уырдæм цæуын, фæлæ дын кæд рæстæг ис, мемæ алæуу. Æхсызгон мын уыдзæн...

— Лæууæм. Уæд иу рæстæджы дзуры: "Хаттæйхатт ахъуыды кæнын — уыцы æрыгон лæппуйæн куы ничи бахæс кодта Гапбаты Иванæн номарæн фæйнæг скæнын, уæд уый куыд рауад? Æз куы нал уон, уæд мæнæн афтæ исчи ахъуыды кæндзæн?

— Билар Емазаевич, бирæ азты ма дзæбæхæй цæр, — загътон æз, — фæлæ мах Нывгæнджыты цæдис, дæуæн бæрзонд аргъ кæнæм.

— Æмæ цы бирæ хабæрттæ саразта, уыдонæй иу ссæдзы бæрц ранымадтон.

— Ау, уыдæттæ афтæ зонут? — бадис кодта Билар.

— Билар Емазаевич, мæнæ дæ 80 азы бон куы уа, уæд фендзынæ, адæм дын цы аргъ кæнынц, уый.

— О, ды зæгъдзынæ, уæдмæ дын чи цæры?

Уæд Биларыл цыд 78 азы. 80 азы йыл куы сæххæст, уæд Дзæуджыхъæуы ресторараны бацæуæн нал уыд адæмæй.

Рацыд рæстæджытæ. Иуахæмы мæ цæхæрадонæй рацæйцыдтæн. Намысы аллейæ кæм ис, уым адæм змæлынц. Бацыдтæн сæм. Лæппутæ мын бамбарын кодтой: "Билар фæзиан æмæ йын ингæн цæттæ кæнæм". Æз нæхимæ атагъд кодтон, мæ дарæс аивтон. Йæ рухсаджы фынгæн хистæр уыд Челдыты Аликсандр, дыккаг та — Баскаты Станислав. Мыггагæй æртыккаг уыдис Озрекæй. Фæлæ дзы адæм уыдис тынг гыццыл. Се 'ппæт дæр хъæрæй дзырдтой: "Кæм сты обком, кæм сты горком, кæм сты райкомтæ?"

Æз банымадтон — æдæппæтæй зианы хæрнæджы 47 адæймаджы!

Нæ бирæ хорздзинæдтимæ нæм чысыл нæй æвзæр митæ дæр. Иу рæстæг Дзгойты Ерусланы портрет кодтон. Уый уыд Социалистон Фæллойы Хъæбатыр. Йæ цæрды хабæрттæ мын кодта: "Мæ зæрдыл ма лæууы — Билары йæ куыстæй куы истой, уæд мæм обкомæй изæрыгон фондзæй ныццыдысты Елхотмæ. Дæттынц мæм гæххæтт: "Ам цы фыст ис, уый цалдæр хатты бакæс, райсом æй трибунæйæ хорз цæмæй бакæсай".

— Цы фыст дзы ис?

— Билары исæм райсом йæ куыстæй, æмæ йæ ныхмæ радзурдзынæ.

— Уый та куыд, уый мын стыр кад куы скодта, депутат дæр куы дæн. Æз ын-иу кæстæриуæг куы кодтон, уæд цы цæсгомæй радзурон йæ ныхмæ? Сымах та йæ фарсмæ куы куыстат, æдзухиу дзы æппæлгæ куы кодтат?

— Дæ лекцитæ хъусынмæ не 'рцыдыстæм, цы дын зæгъæм, уый райсом бакæн.

— Уæдæ мæм фæлæуут, æз ныртæккæ рауайдзынæн.

Мæ къухы фæрæт, афтæмæй фæзылдтæн. Уыдон тагъд-тагъд машинæйы абадтысты æмæ лидзæг фесты. Йæ фарсмæ чи куыста, уыдонæй та бирæтæ цъыф фæкалдтой Биларыл. Адæм сæм сæхи атигъ кодтой. Не 'хсæн нал сты, сæ кой дæр нал ис. Билары кой та ис!

Æз ма зæгъдзынæн афтæ: Хуссармæ цы фæндаг фæзынд, уый дæр Билары æгæрон бавæрæн у. Уыцы фæндаг куы нæ уыдаид, уæд гæнæн ис, æмæ Саакашвилийæн бантыстаид йæ фæнд сæххæст кæнын — Хуссар Ирыстонæй "Сыгъдæг быдыр" скæнын!

Билар нæ историйы Нæртон лæгау баззайдзæн æнустæм. Ныхас-иу кæй кодтон Биларимæ, хорз зонгæ кæй уыдыстæм, уымæй дæн абон тынг сæрыстыр!

**ДЗБОЙТЫ Михал,**
**Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг**

## 5 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние Новости
19.50 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Трейдер" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.40, 01.20, 02.00, 02.40, 03.05, 03.20, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Паромщица. Долина мечты" 12+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Московская борзая-2" 16+
03.55 Т/с "Семейный детектив" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" - канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" - канал "Россия 24"**
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
05.00 Т/с "Москва. Центральный округ" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Лесник. Своя земля" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.50 За гранью 16+
17.55 ДНК 16+
20.00 Т/с "Военная полиция" 16+
22.15, 00.00 Т/с "Реализация" 16+
00.45 Путь бойца 18+
02.45 Т/с "Бездна" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 05.50, 06.35, 07.25, 08.25, 09.30, 10.05, 11.00, 12.00 Т/с "Выжить любой ценой" 16+
08.55 Знание-сила 0+
13.30, 14.25, 15.25, 16.25 Т/с "Ментовские войны-5" 16+
18.00, 18.50, 19.45, 20.35, 21.25, 00.30, 01.20, 02.05, 02.40 Т/с "След" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Свои-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.20, 04.10 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
07.30 Д/ф "Игнатий Стеллецкий. Тайна подземных палат" 16+
08.10 Д/ф "Забытое ремесло". "Цирюльник" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50 Х/ф "Где вы, рыцари?" 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.15 XX Век. "Клуб путешественников. Замоскворечье" 16+
